

## SOSYETE KOUKOUY AN AKSYON

### FÒK SA CHANJE

Noumenm, manm Sosyete Koukouy, SDKA (Sant Devlopman Kreyòl Ayisyen), *Samedi Littéraire Haïtiano-Canadien* leve vwa nou byen wo pou nou pwoteste kont zak bandi yo, ki mete dife nan *Radio Mélodie* FM epi nan Radyo Televizyon Karayib. Pou listwa, nou ap raple tout moun, Radyo Karayib se estasyon radyo ki ba Òganizasyon Mouvmant Kreyòl/Sosyete Koukouy mikwo pou yo te fè yon emisyon kiltirèl an kreyòl soti nan mwa mas 1966 rive 6 avril 1969. Nou senpatize avèk direksyon 2 estasyon radyo sa yo epi nou di fòk sa chanje nan peyi a. (Nòt ekip redaksyon paj kreyòl la.)

### Kreyòl kòm zouti entèkonpreyansyon lengwistik nan Karayib la

#### Otè : Pwofesè Renauld Govain

Lè nou tande mo *kreyòl* jodi a nou wè yon seri lang ki fèt nan yon seri ansyen koloni ewopeyen nan kouran 17<sup>em</sup> syèk la, nan kèk sikonstans patikilye tankou 1. nan zile esepite nan Eta Lwizyàn ak Lagiyàn. Men konfigirasyon premye a pa rapò ak Misisipi epi dezyèm nan pa rapò ak plizyè flèv (Mawoni, Ouyapòk, Mana, Apwouwag) ki prèske wiwonnèn li fasilite akostaj bato kolon yo : se mwayen sa a yo te itilize pou soti an Èwòp pou rive nan koloni yo ; 2. nan mitan popilasyon ki diferan sou plan etnik ; 3. plizyè lang te an kontak men se lang ewopeyen an ki te gen lavwa o chapit.

Nan tèks sa a nou fokis sou kreyòl ki gen baz leksik franse (KBLF) yo. Men, gran Karayib la se yon rejyon multiling e multikiltirèl kote nou jwenn lang ki soti nan gwoup *woman* : franse, espanyòl (menm pòtigè nan Sirinam); *jèmanik* : anglè, neyèlandè; ak kreyòl yo (KBLF, kreyòl ki soti nan anglè, papyamennto). Lè nou konsidere Giyan yo, nou kapab ajoute plizyè lòt lang tankou lang endijèn : arawak oswa lokono, emeryiyan oswa teko, kali'na, palikur, wayana, wayanpi; kreyòl ki soti nan anglè : aluku, ndjuka, pamaka, sranan tongo; yon kreyòl ki soti nan pòtigè : saramaka.

Men KBLF yo dominan lè nou konsidere kantite lokite yo ak espas jewografik kote yo pratike yo. An plis, entèkonpreyansyon an asire antre yo, menm si lokite yo bezwen youn ti tan pou yo abitye ak chak varyete yo.

Popilasyon kreyolofòn mondyal (KBLF yo) vwazinen 18 000 000. Li repati sou 2 gran zòn lengwistik : 7 kominote nan zòn amerikano-karayib la avèk Ayiti ki gen yon popilasyon lokal 11,72 milyon + 4 milyon aletranje; 3 Depatman Outremè franse : Gwadloup; 378 561, Matinik; 349 925, Giyan; 295 385; 2 Eta Antiy anglofòn men ki pratike yon KBLF: LaDominik: 73 040, avèk 80% kreyolofòn; Sentlizi : 180 251 avèk 75% kreyolofòn; Lwizyàn (Etazini) : 4 470, 0.11% popilasyon global la ki 4,574 milyon ; 3 kominote nan zòn Oseyan Endyen : Moris avèk 700 000 kreyolofòn sou yon popilasyon global 1.261 milyon, LaReyinyon: 885 700 avèk 90% kreyolofòn, Sechèl: 119 773 avèk 97% kreyolofòn. Chif nou bibliye la yo pa ansyen : majorite se chif Bank mondyal 2023, 2024.

Entèkonpreyansyon an se kapasite, konpetans lengwistik ak kominikasyonèl yon lokite devlope nan lang pa li ki pèmèt li analize epi konprann diskou yo pwodui nan yon lang etranje li pa konnen. Yo emèt yon diskou nan yon lang etranje, li resevwa li epi li reyaji nan lang pa li. Pwoblematik entèkonpreyansyon an te deja nan refleksyon kèk filozòf tankou Paul Ricœur, Habermas sitiye li nan kad *entèraksyon kominikasyonèl*.

Nan 3<sup>em</sup> semèn Konferans Prezidan ak Rektè Inivèsite nan Karayib la (CORPUCA an franse) ak Ajans inivèsite pou Frankofoni (AUF an franse) te òganize sou entèkonpreyansyon nan Karayib la nan Santo-Domingo, nou te pwopoze pou kreyòl sèvi kòm zouti entèkonpreyansyon. Men ki varyete kreyòl? Plizyè patisipan te pwopoze kreyòl ayisyen epi evoke plizyè rezon pou sa: se varyete ki gen plis lokite; nou jwenn kreyòl ayisyen an prèske tout kote nan rejyon an; se youn nan varyete kreyòl yo plis dekri, anseye nan inivèsite; li ofisyèl epi li se lang ansèyman; selon Valdman, se varyete kreyòl ki gen pi wo nivo estandizasyon ak enstrimantalizasyon...

Apre semèn Santo-Domingo a, de kòlèg nan inivèsite *LaHavàn* (Kiba) te tanmen yon esperimantasyon a pati kreyòl ayisyen an. Men, divès pwoblèm ak difikilte ki gen pou wè ak kesyon mwayen fè esperimantasyon an oblije kanpe.

Govain (2018) pwopoze yon esperimantasyon ak yon efektif 100 etidyan de 1<sup>er</sup> ane lisans nan divès inivèsite Karayib la : 25 pou franse, 25 pou anglè, 25 pou espanyòl, 25 pou plizyè varyete kreyòl. Premye faz la ka dire yon lane an 3 etap : 1. etid reprezantasyon ak pèsèpsyon patisipan yo sou pwòje a e sou chak lang ki enplike ladan yo; 2. konsepsyon yon dispozitif ansèyman ki chita sou premye etap la; 3. lansman aktivite ansèyman.

Apre premye ane a, nou ka òganize yon semèn entènasyon pou pataje espèryans yo epi redije didaktik entèkonpreyansyon an a pati rezilta espèryans 4 gwoup yo pou nou mezire si dispozitif la mache ak objektif nou vize nan kad esperimantasyon an. An jeneral, aprenan yo devlope estrateji pou yo antre nan nouvo reyalyite lengwistik yo. Nou va idantifye, analize epi modelize estrateji sa yo nan kad pwosesis entèkonpreyansyon an. Sa va pèmèt nou degaje estrateji ki transfè ant lang yo.

Asosye enstitisyon karibeyen tankou CARICOM, Asosyasyon Leta Karayib yo, Asosyasyon Ekriyen Karayib yo... pou devlope kreyolofoni an ak didaktik entèkonpreyansyon an. CORPUCA ak AUF deja anba. Enstitisyon sa yo kapab konbine finansman pou ede inivèsite yo devlope didaktik entèkonpreyansyon an.

**Bannzil kreyòl, kreyolofoni, entèkonpreyansyon**  
An 1981, Karayib la lanse yon pwosesis entèkonpreyansyon baze sou kreyòl. Nan 3<sup>em</sup> konferans

Komite entènasyon etid kreyòl nan *SentLisi*, patisipan yo fonde asosyasyon *Bannzil kreyòl* pou fè rechèch nan domèn kreyòl. Se kòmansman enstitisyonalizasyon kreyolofoni an, asosyasyon ki reyini kominote kreyolofòn yo nan lide devlopman kreyolofoni an. Kreyolofoni deziyen eta yon moun oswa yon kominote ki pale kreyòl tou. Kreyolofini enstitisyonèl la se yon enstitisyon transnasyon ki pwolonje lide *bannzil kreyòl* la epi ki vize fè pwomosyon pou kreyòl ak kilti kominote ki pale li, devlope rechèch an/sou kreyòl, entegre tout kominote kreyòl yo, fasilite federasyon yon seri enstitisyon sosyopolitik ak ekonomik ki egziste oswa yo dwe kreye nan kreyolofoni an, favorize entegrasyon rejyonal e transnasyon kominote sa yo.

Entèkonpreyansyon nan Karayib la ak kreyolofoni an kapab ede sosyete kreyolofòn yo pi byen pran plas yo nan dinamik mondyalizasyon an. Kreyòl yo se lang Karayib la ki fèt nan Karayib la. Yo temwen istwa rejyon an. Kreyolofoni ak entèkonpreyansyon lengwistik nan Karayib la ap ede ini epi reyini pèp Karayib franko-kreyolofòn nan. Kreyòl pa sèlman yon lang, li se yon zouti espresyon kiltirèl plizyè pèp karibeyen pataje.

Renauld Govain  
Pwofesè nan Fakiltè Lengwistik Aplike  
Inivèsite Leta Ayiti

### ENSTITI KREYÒL AK PATRIMWÀN KILTIRÈL AYISYEN (ENKPKA)

6971, rue Saint. Denis, Montréal, QC, H2S 2S5  
Tel: 438-396-9049 [info@enstitikreyol.centrenarive.com](mailto:info@enstitikreyol.centrenarive.com)

### SAVALOUWE POU FRANKÉTIENNE

20 fevriye 2025 pase nan listwa, YON MAPOU TONBE, paske se jou sa a, Frankétienne, youn nan pote mitan kilti ayisyen an mouri.

Enstiti Kreyòl ak patrimwàn kiltirèl ayisyen (ENKPKA) salye sitwayen Frankétienne pou gwo kokennchenn kontribisyon li nan patrimwàn literati kreyòl ekri pèp Ayiti a.

Wi, se vre, Jean Basilic Dantor Franck Étienne d'Argent tout moun konnen sou non vanyan li, Frankétienne, se te yon Ayisyen ki te renmen peyi l anpil. Li te rale premye souf li, jou ki te 12 avril 1936 la, nan lokalite Ravin Sèch, nan komin Senmak, depatman Latibonit.

Ki moun potirik gason sa a te ye? Pou jenerasyon ki te gen chans pase nan kolèj Frankétienne, sou Bèlè, nan Pòtoprens, se te yon bon direktè lekòl epi yon bon jan pwofesè ki te anseye franse, matematik, fizik, chimi, kilti avèk anpil konpetans. Pou moun ki renmen pwezi, misye se te yon gran powèt, otè, komedyen, aktè. Moun ki renmen penti pa ka rete diferan devan tablo Frankétienne yo. Anplis, li te mizisyen, chantè san konte lòt ankò. Se te yon kreyatè atistik san parèy ki te kreye estil espiralis. Li te premye responsab ministè lakilti an Ayiti. Tankou li ta di nan langaj pa li, li rive nan dènye kafou kote li fin trase vèvè a; si nou vle, noumenm ..... n a kontinye.

Pou Enstiti kreyòl ak Patrimwàn Kiltirèl Ayisyen (ENKPKA), Frankétienne pa mouri : li toujou ap viv nan kè chak grenn Ayisyen ak moun ki renmen bèl zèv li yo. N ap viv ansanm ak li nan pyès teyat li yo, tankou : Pèlen-tèt, Twoufoban, Bobomasouri, Kaselezo, Totolomannwèl, Melivivi, Minywi mwen senk, Kalibofobo ak Foukfoura. Amatè woman yo ap kontinye dyalog ak li, sitou nan Dezafi, youn nan premye woman long li bibliye an kreyòl, epi nan lòt woman yo tou, kote lavi li ap kontinye lonnen lyann a travè rakbwa mo yo. Chak fwa nou gade tablo li yo, n ap wè atis la an aksyon ak tout kè kontan li.

Poutèt sa, se avèk imilite ak respè Enstiti Kreyòl ak Patrimwàn Kiltirèl Ayisyen (ENKPKA) retire chapo epi li koube byen ba devan pasaj Potomitan kilti ayisyen sa a. Savalouwe Frankétienne! Bon travèse!

Enstiti a voye kondoleyans li bay tout manm fanmi, zanmi, ak admiratè li yo k ap viv dey sa a nan moman nou ye la a menm, epi li di yo konsòle yo, paske Frank pa mouri.

Nou swete nanm mèl la jwenn repo ak lapè, nan mitan yon espiral penti ak ekriti fòme pou ba li fè ladesant, kote li va kontinye pran bon jan beny bazilik ak twa fèy tonbe redrese nan basen peyi san fen li fèk antre la a!

Joseph Sauveur Joseph,  
Prezidan Konsèy administrasyon

Bergman Fleury,  
Vis-prezidan Patrimwàn ak kilti

### Ki nouvl MWAMAS la pote pou nou? Mozart Firmose Longuefosse

Depi nou wè mwamas pwente, nou wè solèy kòmanse blay kò l, nou konnen sezon prentan pa twò lwen. Nan peyi lanèj, glas kòmanse ap fonn, dlo ap chante nan zòrèy nou, se gwo kè kontan. Okanada menm, mas se yon mwa sansibilizasyon manchlong sou plizyè aktivite epòtan : se mwa nitrisyon ak alimantasyon, vòl idantite, diskriminasyon, dwa fanm ak anpil lòt.

Tèm Mwa nitrisyon ak alimantasyon ane sa a se : Byen manje, pou byennèt kò w ak lespri w. Reyèlman vre, lè yon moun ap byen manje, sa ede ni kò ni lespri byen fonksyone. Menm si nou pa toujou gen mwayen pou nou byen manje, nou manje kanmenm. Se pou sa, nou dwe manje fwi ak legim san gade dèyè. Evite grès, sèl, piman ak sik. Fè atansyon ak pwodui ki transfòme nan izin yo, paske yo riske fè nou devlope dyabèt, tansyon ak tout kalte kansè. Nou dwe pran bon jan vitamin pou ranfòse sistèm nou. Fè ti ekzèsis

nou, al mache deyò, al respire. Kanta dlo a menm, se bwè li maten, midi, aswè. Se sa Asosyasyon nitrisyonis yo envite nou fè pou sante fizik ak mantal nou. Kòm nou bwè ti te fèy nou anpil, si n ap pran medikaman regilyèman, mande famasyon nou si nou kapab bwè te fèy ansam ak medikaman nou yo. Pa bliye : «Se mèl kò ki veye kò». An nou veye sou kò nou, pou nou pa tonbe nan si m te konnen...

Vòl idantite :

Kòm prentan an fè moun sikile anpil pou regle zafè yo, mwa mas la ba vòl plis okazyon fè dappiyanp sou kat kredi nou ak tou sa k regade idantite nou, pran ti granmoun nan pa konprann. Pou rele chalbari dèyè vòlò, enstitisyon finansye yo mande nou pran prekosyon, siveye zafè nou, asire sekirite ti granmoun yo, pa kite enfòmasyon pèsònèl nou aladriv sou Entènèt. Pridans pa janm twòp : «Atansyon pa Kapon».

Kèk dat epòtan :

**20 mas** : Jounen entènasyon frankofoni, se jou pou valorize richès lang franse a nan tout kote yo itilize lang sa a. Nasyonzini dekreti **21 mas** Jounen entènasyon eliminasyon diskriminasyon rasyal. Jounen sa a, se pou nou pa bliye zak malonèt ki te fèt 21 mas 1960, nan yon manifestasyon pasifik kont «Apartheid», nan peyi Afrikdisid. **22 mas** limenm, se jounen mondyal pou sansibilize moun pou yo pa gaspiye dlo, yon resous ki dwe aksesib pou tout moun paske dlo se sous lavi.

Jounen entènasyon dwa fanm :

**Vandredi 7 mas** ki sot pase la a, Sosyete Koukouy Seksyon Kanada a te envite Pascale Millien-Faustin ak Mileva Roumer vin pale sou kontribisyon fanm ayisyen nan revolusyon peyi nou ak nan devlopman mouvman atistik ak kiltirèl li. Medam yo ban nou anpil limyè sou kontribisyon fanm ayisyen nan tout aktivite nan lavi peyi nou. Entèvansyon de medam yo te tankou marasa tèlman yo te tonbe dakò. Yo te ensiste pou fè remake ki jan fanm pa janm jwenn menm omaj yo ba gason. Tout patisipan yo te di: se yon konferans wòpòte ki fè yo aprann anpil. Aktivite a te fini ak refleksyon sa a: yon reyèl chanjman, transfòmasyon sosyete ayisyen an dwe chita nètale sou ledikasyon. Nou di Ayibobo pou Pascale ak Mileva. Bravo pou Sosyete koukouy.

Dwa, Egalite, Otonomi pou tout fanm ak tout ti fi, se tèm **8 mas** ane sa a.

Depi kèk tan, n ap tande: jounen sa a pa gen plas li ankò. Enben, dapre jan sa ye la, jounen sa a poko prèt ap disparèt; lit pou fè respekte dwa fanm fèk tanmen. Lè nou pran estatistik Nasyonzini ansam ak konsta òganizasyon dwa fanm fè, li klè kou dlo kòk: fanm fèk kare ap sibi. Bò isit nan Kanada, chak de jou, yo asasinen yon fanm oubyen yon ti fi. Fanm yo san souf anba vyolans seksyèl, denigasyon ak chantaj ekonomik. Pou Leta kanadyen, lankèt sepousui, pou plis pase mil fanm otokton ki disparèt san esplikasyon. Nan peyi nou, sa pa fè twò lontan, yon bandi masakre yon ekip fanm li di se « lougawou » ki manje pitit li. Pèsonn pa leve kanpe pou defann fanm sa yo. Ozetazini, belijeran yo desire kraze lwa ki pwoteje dwa fanm pou l fè avòtman, si se chwa li. «Retounen ladan, wi Wa». Se bak sou bak k ap fèt sou dwa fanm toupatou. Ekzanp sa yo ta ase pou lave je moun ki kwè jounen entènasyon fanm nan pase mòd. Men, nouvl jenerasyon fanm yo pote anpil espwa. Yo pran flanbo a pou onore batay grandèt yo te fè pou garanti dwa tout fanm. Bèl lespwa sa yo fleri nan aksyon Greta Thunberg pou lanviwonman, nan angajman sosyal ak politik Stéphanie Sophie Louis pou yon Ayiti tou nèf. Nan pozisyon Malala Yousafzai pou ti fi nan Pakistan aprann li ak ekri. Nan kontribisyon Divina Stella Maloum, ki kreye seksyon Cameroun «Children for peace» pou denonse zak malonèt Boko Haram fè sou plis pase de san ti fi, nan denonse jenn fanm nan Iran ap denonse asasina Mahsa Jina Amini anba men «tonton makout» peyi sa a, nan kouraj yon jèn dam politisyen nan Kebèk, Catherine Fournier, ki denonse entimidasyon ak zak malonèt li sibi nan palman kebekwa a. Ti medam sa yo genyen apèn ven osnon trantan : se yo tou ki konfimen rezondèt 8 mas la. Sa nou site la yo se kèk ladan yo, men, toupatou sou latè, ou jwenn anpil lòt jenn fanm k ap batay pou chanje anpil vye mantalite. Konviksyon nou fè nou kwè: pi gwo zouti jenn fanm sa yo chita nan edikasyon pitit gason yo. Se sèl garanti sosyete egalego n ap chèche a. Nou pwofite limen yon gwo flann dife lanmou pou tout fanm ki mouri, nan move kondisyon, san yo pa wè solèy la klere dwa egalego pitit fi ak pitit pitit fi yo. Bon 8 mas pou noutout!

Mozart Firmose Longuefosse,  
pwofesè franse nan Monreyal

### WÒL FANM NAN SOSYETE AYITI A Repòtaj Ak Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn)

Jou vandredi 7 mas 2025 lan, Sosyete Koukouy Seksyon Kanada te envite 2 fanm vanyan vin pran lapawòl pou yo te pale avèk bibliyè la sou fason fanm ayisyen yo te kontribye nan avansman kòz nasyon peyi a depi nan peryòd kolonyal la jouk rive nan ane 2000 yo.

Fanm sa yo se Pascale Millien-Faustine epi Mileva Roumer. Nou pwofite okazyon nou genyen la a pou nou di yo mèsi epi pou nou remèsye tout moun ki te vin patisipe nan brase lide sa a. Nou konte, te genyen 65 moun ki te patisipe deba sa a. Marlène Chouloute Hyppolite te fè nou remake entèvansyon Pascale la epi pa Mileva a, se youn ki te konplete lòt. Pascale te pale sou epòk kolonyal la epi Mileva te louvri kominikasyon lan avèk aksyon medam yo nan *Ligue féminine action sociale* la pou li rive jouk jounen jodi a. Nan yon tan byen kout, nou ap bibliye de entèvansyon sa yo.